

Repa pou Timoun: Kisa operatè sèvis manje yo bezwen konnen

Konsèy Minisipal New York la te pibliye Lwa Lokal 75 ane 2019 la, ki limite opsyon pou bwason yon kote ki vann manje ka mete sou yon meni oswa tablo meni kòm pati yon repa pou timoun. **Lwa sa a anvigè depi 30 avril 2020.** Dokiman sa a bay enfòmasyon sou kondisyon yo ak kijan pou w konfòme ak li.

Kimoun Lwa lokal 75 la konsène?

Nenpòt kote ki vann manje epi ki ofri repa pou timoun sou yon meni oswa tablo meni epi ki mete bwason kòm pati repa a dwe konfòme ak lwa lokal sa a.

Kijan nou defini repa pou timoun?

Repa pou timoun se nenpòt ki manje oswa melanj manje ki fèt pou timoun oswa ki parèt sou yon meni oswa tablo meni ansanm ak bagay sa yo:

- Mo “timoun”, “piti”, “piti”, “ti,” “tchovi”, “jenn”, “titit” oswa lòt mo konsa.
- Yon ilustrasyon ti komik, kastèt, oswa jwèt
- Yon òf pou resevwa yon jwèt pou timoun si yo pran repa a
- Yon limit sou laj maksimòm pou repa a

Ki opsyon bwason ki genyen pou manje timoun yo kounye a Lwa Lokal 75 an vigè?

Ak lwa a an vigè, kote ki bay sèvis manje yo gen dwa bay sèlman lis bwason sa yo ak gwosè pòsyon sa yo kòm yon pati nan repa timoun yo:

- Dlo, dlo gazez oswa dlo ki awomatize, ki pa gen okenn sik natirèl oswa atifisyèl yo ajoute ladan.
- Uit (8) ons oswa mwens lèt san matyè gra oswa 1% matyè gra ki awomatize oswa pa awomatize.
- Uit (8) ons oswa mwens bwason ki pa lèt epi ki gen menm nitrisyon ak lèt ki awomatize oswa pa awomatize.
- Uit (8) ons oswa mwens ji fwi oswa ji legim 100% (oswa yon konbinezon ji), ki pa gen okenn sik natirèl oswa atifisyèl; ji a ka gen dlo oswa dlo gazez

Kisa bwason ki pa lèt ki gen menm nitrisyon ak lèt ye?

Pou li ka gen menm nitrisyon ak lèt, yon bwason ki pa lèt dwe satisfè nòm Depatman Agrikilti Etazini (US Department of Agriculture, USDA) etabli pou Pwogram Nitrisyon Timoun yo. Yon bwason ki pa lèt dwe gen, ominimòm, nivo nitrisyon sa yo pa tas (8 ons likid):

- Kalsyòm 276 miligram (mg)
- Pwoteyin 8 gram (g)
- Vitamin A 500 inite entènasyonal (IU)
- Vitamin D 100 IU
- Mayezyòm 24 mg
- Fosfò 222 mg
- Potasyòm 349 mg
- Riboflavin .44 mg

- Vitamin B12 1.1 mikwogram (mcg)

Èske yon kote ki vann manje ka bay yon bwason diferan si kliyan an mande sa?

Wi, si yon kliyan mande yon bwason diferan oswa yon gwosè diferan, kote k ap vann manje a ka bay youn.

Kisa k ap pase si yon kote ki vann manje pa konfòme li avèk lwa sa a?

Depatman Sante ka bay yon sitasyon, ki ka gen yon amann pou peye, bay nenpòt kote ki vann manje ki pa konfòme ak lwa sa a. Sanksyon an pa ka depase \$200.

Èske vyolasyon pou egzijans sa a konte nan nòt sou fòm lèt etablisman an?

Non, yo pa konte yon vyolasyon pou lwa sa a nan nòt sou fòm lèt etablisman an.

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene), Biwo Ijyèn Manje (Office of Food Safety), nan **646-632-6001** oswa **infobfscs@health.nyc.gov**. Pou wè enfòmasyon sa yo nan lòt lang, ale sou sitwèb **nyc.gov/health** epi chèche "**children's meals**" (**manje pou timoun**).